


**ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД**

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Æрæдони районæй Нарти гъæуи цæргутæй рандæ 'й 287 адæймаги. Аци гъæуи тугъдонтæй сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ 80 адæймаги, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се 'мзæнхонтæ Нарти гъæуи ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн циртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№11 (792) 2021 анзи 31 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман

# ÆНТÆСТИТИ ФАРНÆ – ХУÆЗДÆР КУСТМÆ РАЗÆНГАРДГÆНÆГ!..




Нæ республики Хецауади Сæрдар **ТУСКЪАТИ Таймораз**æн видеобастдзийнади фæрци косæг фембæлд адтæй Ирæфи райони бунæттон хеунаффæйади сæргълæууæг **ЛАГКУТИ Омари** хæццæ.

Фембæлди рæстæг бæлвурд дзубанди рацудæй райони абоникон социалон-экономикон уавæрбæл, уæдта уой гъомусгиндæр кæнуни туххæй нерæнгæ арæзт ци 'рцудæй æма ма æрцæудзæнæй идарддæр, уой фæдбæл.

Аци фембæлди туххæй æрмæг нæ газети фиццаг фарсбæл хумæтæги нæ мухур кæнæн. Ирæфи райони дзæвгарæ рæстæгути дæргъи бамбурд æнцæ хъæбæр берæ сагъæссаг фарстатæ, гъæугæ архайд ба сæбæл æнхæстæй нæ цудæй. Хуарз æма райони нæуæг разамунд республики разамунди æмархайди фæрци уавæр фæстаг цалдæр анземæ зингæ фæрræвдзæдæр кодтонцæ. Еци æхцæуæн хабар Тускъати Таймораз баханхæ кодта æ радзубандий тæккæ райдайæни.

Хецауади Сæрдар хуарз аргъ искодта райони социалон-экономикон ирæзтæн.

– Муниципалон искондти размæцуди 2019 анзи Ирæфи район адтæй фиццаг бунати, æ идарддæри ирæзтæн райста 10 миллион соми. Ци бæрнон гъуддæгутæ исараз-тайтæ, уони багъæуай кæнун æма ма сæбæл бафтаун, æй ахсгиаг, – загъта Тускъай-фурт.

Лагкути Омар куд радзурдта, уотемæй фарæ национ проект «Ахурадæ»-йи фæлгæти æртæ скъолайеми байгон кодтонцæ нуриккон центртæ «Ирæзти тæлмитæ». Æхсæз рæвдауæндонеми искуста полилингвалон ахурадæ, скъолати фиццаг æма цуппæрæймаг къæлæсти ахурдзаутæн гъар сехуар дæттунцæ. Будури Дæргъæвси, Секери, Толдзгуни, Хæзнидони хуæруйнаггæнæнти бæстихæйттæ исцалцæг кодтонцæ. Базилдæнцæ муниципалон нæдтæмæ, гъæути исфæлгонц кодтонцæ фондз æхсæнадон бунати.

Фарæ райони фæззиндтæй промышленность, гъæууон хæдзарадæ, туристон-рекреацион къабази агъаззаг ирæзти бунат. Республики Хецауадæ æма райони разамунди 'хсæн бафинстонцæ аразий гæгъæди. Тускъати Тайморази дзубандимæ гæсгæ, етæ Цæгат Иристонæн æнцæ ахсгиаг гъуддæгутæ, уæхæн бунæттæ гъæуама фæззиннонцæ иннæ районти дæр. Уæд зингæ фæббæрæг уодзæнæнцæ сæ социалон-экономикон ирæзти гъуддæгутæбæл, еумæйагæй – республики уавæрбæл.

Ирæзти нисантæбæл дзоргæй, Лагкути Омар е 'ргом раздахта барст æма ахедгæ бюджетон политикæмæ, хе хъалонти æма æнæхъалонти æфтуйæггæгтæмæ, райони размæ ци гъуддæгутæ лæууй, уони æдухстæй лух кæнуни фарстатæмæ. Район идарддæр дæр архайдзæнæй паддзахадон, регионалон æма национ проекттæ æнхæст кæнуни. Кæронбæттæни Тускъати Таймораз райарфæ кодта Лагкути Омарæн æ ахедгæ кусти туххæй.

***Республикæ Цæгат-Иристон Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ***

## НОМЕРÆН



Финддæс æма фондзинсæй анзей размæ (1906 анзи 1-аг апърели) æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй, Хетæгкати Леуани фурт Къоста. Уæдæй фæстæмæ, еци бон Иристони арæзт æрцæуй имисæн мадзæлттæ.

Абони мах дæр мухур кæнæн нæ разагъди лæгтæй еу, Гарданти Михали имисуйнæгтæ Къостай туххæй 4-5-аг фæрстæбæл.



Номдзуд ахургонд, историон наукити доктор (хуæнхаг адæмти минæвæрттæй фиццаг), профессор Кокити Александри фурт Геуæргий райгурдбæл 4 апърели æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1896-1954). Æ цардвæндаги æма агъазиау наукон фæллойни туххæй бæлвурддæрæй радзордзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.

Абони ба 6-7-аг фæрстæбæл мухур кæнæн Кокий-фурти финст радзурд «Æносон хаулли» – куд науки, уотæ ма фескъуæлхтæй литературон-публицистикон исфæлдистади дæр.

№11. 2021 анз.
31 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ
ДИГОРÆ

***Уазал рæстæгути мæргътæй гъар бæстæмæ ка нæ фæттæхуй, уонæбæл ауодуни ихæс сæхемæ райстонцæ Лескени астæуккаг скъолай цуппæрæймаг къласи ахурдзаутæ. Исбæрæг кодтонцæ, цъеутæн циуавæр хуæруйнаг дæттун гъæуй æма син æй æвæрунцæ, сувæллæнттæ сæхуæдтæ ци «хуæрæндæнттæ» искодтонцæ, уонæми.***



# УОДЗÆНÆЙ НÆМÆ НÆХЕ ХУÆРЗАДÆ ÆХСИРИ ПРОДУКЦИ!..

ХЕСТÆРТÆЙ ахид фегъосæн: «Уогæ ба раги цæйбæрцæбæл хуæрзадæ уидæ хъаймагъ, кенæ царв æма месин – ку си бахуардтайсæ, уæд цидæр зæрдæхцæуæндзийнадæ райстайсæ... Нур ба?.. Сæ уотид исахуадунмæ дæр адæймаг игетгæ кæнуй... Гъе уоййасæбæл æнадæ фæуунцæ, фал сæ уæддæр æлхæнæн, æндæр гæнæн нæййес...»

Сæ еци загъдæй æхсири абониккон продукци æлхæнгутæ раст æнцæ. Æма цæмæй адæмæн бабæй равгæ уа, æцæгæй хуæрзадæ продукцийæй пайда кæнунæн, уой туххæй еци гъуддаг исаразуни ихæс æхемæ райста игъустгонд компани «Деликат»-и разамунд.

***

Компани «Деликат»-æн бундор æвæрд æрцудæй 2004 анзи. Уæдæй абони уæнгæ æ фадуæттæ исирæзтæнцæ, агъазиау кустуат иссæй. Ци проекттæ æнхæстгонд цæуй, етæ 'нцæ: фонсæвгæрдæн, фидизгъæли кустгæнæн æма адгийнæгтæ цæттæгæнæн цехтæ, кафе æма хуайраги продуктти устур тукæнттæ.

Компани «Деликат»-и архайди сæйрагдæр нисан æй нæ республики фæлхасгæнгутæн хуæрзадæ продукттæ уадзун, æма кустуати коллективи къохи еци гъуддаг æфтуйуй.

Æрæги аци берæкъабазгин компани никкидæр ма фæуурухдæр æй: бафтудæй ма ибæл æхсирикустгæнæн æма æхсири продукци уадзæн нæуæг цех. Е æхцæуæн цау æй, ке зæгъун æй гъæуй, республикæмæ æндæр рауæнтæй ласт æхсири продуктти хуæрзгъæдæдзийнадæбæл иристойнаг фæлхасгæнæг уойбæрцæ нæбал æуууæндуй. Нæхе хуайраг ба кæддæриддæр хуæрзгъæдæдæр адтæй. Кустуатмæ æрбацудæй нæ республики Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз** дæр æма кæрæй-кæронмæ æрзилдæй кустуатбæл.

«Деликат»-и генералон директор **Битарти Алик** журналисттæн æма иуазгутæн бæлвурд радзурдта, кустуати равзурди æма архайди туххæй хабæрттæ.

– Зин адтæй фиццаг, фал къæпхæнгай ирæзтæй компани, фиццагидæр си косун ка райдæдта, еци косгутæ æхсæвæйбонæй сæ хъауритæбæл нæ ауæрдгæй архайдтонцæ, цæмæй кустуат федар æ къæхтæбæл æрлæууа. Нæ нисан уæхæн некæд адтæй æма базарадæ еугурæйдæр нæхе бакæнæн, фал фиццагидæр бæллæн, цæмæй еци базарадæмæ хуæрзгъæдæ продукци хъæртун кæнæн.

Цæгат Кавкази федералон зилди ирæзти программи бундорбæл ма исæнхæст кодтан еу проект – къалбаси продукци уадзуни фæдбæл. Аци рауæн нæмæ инвестицион агъази фæрци фулдæр æрбацудæй æма еци бæрæггæнæн агъаз æй нæ республики социалон-экономикон ирæзтæн дæр. Нур ба нæуæг фæндæбæл бакустан. Рагæй адтæй нæ зæрди æхсири завод дæр байгон кæнун æма си нури уæнгæ косуй 30 адæймаги. Еу суткæмæ 10 тонни æхсирбæл куст кæми цæудзæнæй, уæхæн лини нæмæ арæзт æрцудæй нуриккон техники бундорбæл. Ес нæмæ лаборатори дæр, æхсири продуктти хуæрзгъæдæдзийнадæ ка бæрæг кæндзæнæй, уæхæн хайади хæццæ, – загъта Битарти Алик.

Тускъати Тайморазæн бæлвурд равдистонцæ лини куд косуй æма æхсир кустгонд куд цæуй, уони. Хецауади Сæрдар æ гъудитæ загъта нæуæг цехи туххæй.

– Æхцæуæн мин æй, нæ республики хуайраги промышленности ирæзт бæрзонддæр ке кæнуй, е. Экологон æгъдауæй кæдзос æма хуæрзгъæдæ хуайраг адæмæн кæнун – е æй нæ сæйрагдæр ихæс. Абони базарадон экономики уавæрти æнтæстгин æнцæ, нæуæг инновацион технологитæй æ кусти ка пайда кæнуй, нуриккон рæстæги домæнтæн дзуапп ка дæттуй, уæхæн кустуæттæ. Нæ ихæс махæн æй уæхæн гъуддаги фарс бадарун æма агъаз кæнун. Фæстаг æнзти нæ республики гъæууон хæдзарадæ æнтæстгинæй архайуй. Анзæй-анзмæ ирæзунцæ æ продукций бæрæггæнæнтæ. Фал нæ гъæуй еци продукций куст кæнуни къабази ирæзтбæл дæр бæлвурддæр косун, – загъта Тускъати Таймораз.

Кустуати æхсирикустгæнæн цехмæ хомаг ласунцæ бунæттон æма Краснодари кæдзос районти фермитæ. «Деликат»-и æхсири продукттæ, æхсирисæртæ, цæхгун цихт, месин балхæнæн ес компаний сæрмагонд тукæнтти.

Кустуат архайуй паддзахадон программи дæр. Уонæй еу – «Цæгат Кавкази федералон зилди» ирæзт. Фал еугуремæй сæйрагдæр æй косгутæн гъæугæ уавæртæ исаразун, цæмæй син сæ куст тухстдзийнæдтæ ма 'взарун кæна, фал зæрдрохсæй косонцæ.

Цех байгон кæнуни мадзали сæйраг лентæ ралух кæнуни барæ лæвæрд æрцудæй нæ республики Хецауади Сæрдар Тускъати Тайморазæн. Кустуатбæл æрзелун æма хе цæстæй фæуууинун нæуæг нуриккон ефтонггæрзтæ иуазгутæй алкæмæндæр цæмæдессаг адтæй.

# КЪОСТАЙ ЦИТГИН НОМИ АККАГ КА ИСУОДЗÆНÆЙ?..

РЕСПУБЛИКÆ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги размæ Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон преми литературæ æма аййевади къабази дæттуни фæдбæл къамис игъосун кæнуй, 2021 анзи преми райсуни фæдбæл æрмæгутæ æмбурд кæнун ке райдæдта, уой туххæй (преми лæвæрд æрцæудзæнæй Хетæгкати Къостай райгурæн бон – 15 октябри).



Преми райсуни фæдбæл гæгъæдитæ ист цæунцæ Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон преми литературæ æма аййевади къабази райсунмæ авторон уадзимистæ бадæттуни фæдбæл фæтки (федаргонд æрцудæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги 2018 анзи 28 майи федаргонд 156-аг Указæй) бундорбæл аци анзи 14 мартъийæй 1 июни уæнгæ.

Къамис æркæсунмæ есуй, Иристони аййевадон культури аккаг бунат ка байахæста, уæдта æхсæнади ʻрдигæй устур аргъгонд кæмæн æрцудæй, уæхæн авторон уадзимистæ (куд хецæн авторти, уотæ авторон коллективти уадзимистæ дæр). Уæлдæрамунд уадзимистæ мухургонд æма æвдист гъæуама æрцудайуонцæ 2019-2020 æнзти (гъома, преми раттуни анзи 1 январи уæнгæ).

Преми райсунмæ кандидатуритæ бадæттуни барæ ес хецаудзийнади æнхæстгæнæг æма бунæттон оргæнтæн, æхсæнадон еугæндтæн, косæндæнттæн, организацитæн, ахургæнæндæнттæ æма исфæлдистадон коллективтæн.

Еугур фарстатæ дæр исбæлвурд кæнæн ес уæхæн телефонтæй: **8(8672) 53-08-22, 8(8672) 53-39-06.**

**<u>Феппайуйнаг</u>:** исæвзургæ эпидемиологон уавæр хинцгæй, хуæздæр уодзæнæй премимæ бавдист æрмæгутæ уæхæн электронон почтæй: zppg@rso-a.ru барветун (æрмæгутæбæл фæббæрæг кæнун гъæудзæнæй «Къостай преми»).

**<u>Адрес:</u>** Сæребари фæзæ, 1, косæнуат №337 (бæстихаймæ бацæуни туххæй рагацау бадзорун гъæудзæнæй уæлдæрамунд телефонти номертæй; адæймагмæ гъæуама уонцæ санитарон хегъæуайкæнуйнади фæрæзнитæ (маскæ æма æрмкъохтæ)).

# СОЦИАЛОН ХИЗТÆЙ УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ

Цард куд цæуй, уотæ æхе домæнтæ, нæуæгдзийнæдтæ æма æйййивддзийнæдтæ хæссуй. Æма интернетæй, æнæ дзиппидаргæ телефонæй, æвæдзи, нæбал бафæраздзинан еу бон дæр.

Хестæрæй-кæстæрæй – еугурæйдæр бахаудтан интернети тугъдади уацари. Пайда куд æй, уотæ си æнæгъæугæ фидбилизхæссæг, ардауæн дзубандитæ дæр ахид фæууй.

Æма цæмæй ирæзгæ фæлтæр арæхстгай, хуарз æма лæгъуз ци æй, уой лæдæргæй архайуонцæ социалон хизти, уобæл архайунцæ Дигори райони æнагъомти гъуддæгути фæдбæл инспекций косгутæ. Ахид æмбæлунцæ скъолати ахурдзаути хæццæ, еугур дуйнебæл ка рахæлеу æй, еци хизæгæй раст пайда кæнун син амонунцæ.

Хестæркъласонтæ гъæуама зононцæ, Уæрæсей закъонмæ гæсгæ не ʻнгъезуй адæмти ʻхсæн буцæуд-зийнадæмæ, терроризм кенæ экстремизммæ кæми седунцæ, уæхæн æрмæгутæ парахат кæнун.

Уой хæццæ, хузиститæ, аудио кенæ видеоигъосункæнуйнæгтæ, тамаку, карз ниуæзтæ дæр закъонихмæ ʻнцæ. Аци гъуддаги ахургæнгутæ æма ниййергутæ гъæуама еузæрдиуон уонцæ.

**Номдзуд рохситауæг, литератор æма тæлмацгæнæг, этнограф, нæ адæми историй туххæй фиццаг киунугæ («Ири истори», 1913 анз) ниффинсæг Темирханти Гаврили фурт Сослани райгурдбæл 3 апърели æнхæст кæнуй авдинсæй анзи (1881-1925).**

*Исбæрæг æнцæ сабийтæ æма æригæнтти исфæлдистади фæндзæймаг Еугурцæдесон æхсаргин-патриотон фестиваль «Ервæзти стъалу»-й уæлахезонтæ: фæндзæймаг профучилищей ахурдзау Черчести Дзерассæ, полиграфи æма дизайни технологон колледжи ахурдзау Фидарати Александр, Алагири скъола-интернати ахурдзау Басити Арианæ.*





# СОЦИАЛОН БАФИСТИТÆ ПАРАХАТДÆР КÆНУНЦÆ

КУД ЗОНÆН, уотемæй аци анз 1 апърелæй еугур Уæрæсей дæр æ хъаури бацудæй, 3-7-анздзуд сувæллæнттæ ци бийнонти ес, уонæн уæлæнхасæн социалон бафистити нæуæг хузтæ æма сæ бафедуни нæуæг угагæвæрдтæ. Циуавæр æнцæ еци хузтæ, æма кæмæн фист цæудзæнæнцæ, уой туххæй бæлвурддæр фегъосун кодта нæ республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министри хуæдæййевæг **Айдарти Алинæ**, республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ ин ци фембæлд адтæй, уоми.

Куд радзурдта, уотемæй нурæй фæстæмæ цубуркъох бийнонтæн агъази еци бæрцæ фæффулдæр кæндзæнæнцæ, фал уодзæнæй аллихузон: сувæллонæн фæццæрунæн тæккæ минкъийдæри регионалон бæрцæн, кæмæн – 50, кæмæн – 70, кæмæн ба – 100 проценти. Е аразгæ уодзæнæй бийнонтæн се 'фтуйæггæгтæмæ гæсгæ.

– Уомæй уæлдай, нуртæккæ куст цæуй нæуæг угагæвæрдтæбæл. Уонæмæ гæсгæ, агъаз райсуни аккагбæл нимад цæудзæнæнцæ айдагъ уæлдæр амунд бийнонтæ нæ, фал, сувæллон исхæссунмæ ка райста кенæ, 23 анзей уæнгæ студенттæ кæмæн ес (фæсауyонмæ ахур нимад нæ цæудзæнæй), уæдта ма инвалид сувæллæнттæ кæмæ ес, уæхæн бийнонтæн, кенæ ба, æ минкъийæй фæстæмæ 1-аг къуари инвалидбæл нимад ка 'й, бийнонти 'хсæн уæхæн ку уа, уæд уонæн дæр, – загъта министри хуæдæййевæг.

Нæуæг угагæвæрдтæ куд домунцæ, уонæмæ гæсгæ, бийнонтæй æ кари ка 'й, уонæмæ гъæуама уа ести æфтуйæггаг: адæймаг гъæуама коса æма æ кустæн мизд еса, кенæ, миййаг, исфæлдистадон куст кæд кæнуй, уæд ин гъæуама еса гонорар, кенæ хе амалгъонадон куст кæна, кенæ ин пенси гъæуама уа, кенæ ба стипенди. Ранимад аци æфтуйæггæгтæ адæймаги фæццæруни тæккæ минкъийдæр бæрцæй минкъийдæр ку уонцæ, уотемæй син минкъий сувæллæнттæ ку уа, уæддæр син æнгъезуй уæлæнхасæн социалон агъаз дæттун. Ниййергутæмæ анзи дæргъи кæд неци æфтуйæггаг цудæй, уæд гæнæн ес, æма син аци уæлæнхасæн бафист уодзæнæй. Айдагъдæр уæд каст цæудзæнæй, цæмæннæ кустонцæ æма сæмæ æфтуйæггаг цæй туххæй нæ цудæй, уомæ. Æма аци рауæн нимад цæунцæ, адæймагæн æхецæй аразгæ ка 'й, е 'густдзийнади уæхæн анхосæгтæ:

– берæсувæллонгин бийнонтæн ниййергутæй сæ еу еци сувæллæнттæн адтæй гæс;

– еунæгæй сувæллон ке хæссуй, уомæ гæсгæ адæймаг косунгъон нæ адтæй;

– сувæллонбæл 3 анзи цалинмæ нæ исæнхæст æй, уæдмæ ин æ ниййерæг адтæй гæс;

– адæймаг адтæй студент (æрмæст ибæл 23 анзæй фулдæр гъæуама ма цæуа, уæдта фæсауyонмæ ахур дæр нимади нæ цæуй);

– адæймаг æрæздахтæй æфсадæй, уæдта, ку æрæздахтæй, уобæл æртæ мæйи нæма рацудæй;

– адæймаг æртæ мæйи фулдæр нези нихмæ архайдта æма æхе дзæбæх кодта;

– æгуст ке 'й, уой туххæй адæймаг æй регистрацигонд кустдæттуни центри;

– адæймаг адтæй ахæст, æма, кæдæй исуæгъдæ 'й, уæдæй æртæ мæйи нæма рацудæй.

Еугур ранимад анхосæгтæмæ гæсгæ адæймаг æгуст кæд адтæй, уæд бийнонтæн уодзæнæй аци уæлæнхасæн социалон бафист есуни барæ.

Бийнонтæ есбони хецау ку уонцæ, зæгъæн, цалдæр фатери сæмæ ку уа æма уотемæй еу адæймагмæ 24 квадратон метремæй фулдæр ку хауа, кенæ сæмæ цалдæр хуæдтолги, зæнхи хæйттæ æма æндæр ахедгæ есбон ку уа, уæд син уæлæнхасæн бафист не 'нгъездзæнæй дæттун. Аци рауæн нимад нæ цæудзæнæй, социалон агъази хузи бийнонтæн ци фатер, хуæдтолгæ кенæ æндæр есбон равардтонцæ, уой.

Дзубанди ма цудæй æйййивддзийнæдтæбæл дæр.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

### Сумах цæстдардмæ гæсгæ, фæстаг рæстæги цардиуаги æнæмæнгæ гъæугæ ахсгиагдæр продукттæй уæлдай хъæбæрдæр кæцитæ фæхъхъазардæр æнцæ?

*Уæхæн фарста адæми цæстингасбæрæггæнæг агентадæ «ФОМнибус» равардта уæрæсейæгтæй æртæ мин адæймагемæ нæ бæсти æртиндæс æма æртинсæй цæрæн рауæнеми. Æма ци дзуæппитæ равардтонцæ, уонæй еумæйагæй рауадæй, мæнæ ауæхæн бæрæггæнæнтæ (лæвæрд цæунцæ процентæй).*



**Зети – 45**

**Æйкитæ – 44**

**Сæкæр – 44**

**Хуастæ – 35**

**Æхсир æма æхсирæй конд продукци – 34**

**Фид æма маргъ – 34**

**Цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæ – 33**

**Дзол æма инсадæй конд кæндтитæ – 32**

**Бензин – 32**

**Кæсалгæ æма денгизон продукттæ – 29**

**Кърупатæ æма макъаронти кæндтитæ – 26**

**Рæзæ æма халсарти продукци – 23**

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Нарти хъалтæ устур кувди бадтæнцæ æма миййнасæ кодтонцæ. Сирдон, æ къæредæ кæрци медæг, уотемæй еуварс лæудтæй æма сæмæ уордигæй кастæй. Кувди бадгутæ 'й уидтонцæ, фал æй сæ фингæмæ еу бахонæг нæ фæцæй.*

*Уæд Сирдон уордигæй рацудæй сæхемæ, æ тинтикъи кæрцæ искодта æма раздæр кæми лæудтæй, еци бунати бабæй æрлæудтæй.*

*Нарти хъалтæ 'й уайтæккæдæр æрæстæфтæнцæ, хъæбæр ездонæй æ размæ бацудæнцæ, фингæмæ 'й бахудтонцæ æма 'й исбадун кодтонцæ кадгин бунати. Сирдон æ кæрцæ раласта, æ фарсмæ 'й æрæвардта, фингæбæл хуæруйнæгтæй хуæздæр ци адтæй, уонæй ин хæйттæ æркарста æма ин сæ æ рази æрæвардта.*

*– Рахуæрæ, мæ кæрцæ, мæнæ ауæхæн дæр æма аугæхæн дæр, – дзоруй имæ. – Нартæ мæн нæ, фал дæу æрбахудтонцæ сæ кувдмæ.*

***

Æма абони дæр уотæ нæ 'й? Уæрæсей нуриккон «нæртон кувди» фингæбæл аллихузон дессæгтæй тæккæ парахаттæй идзагдæр рауæнтæ æрахæстонцæ айдагъдæр бонгинтæ, уой дæр, ка си куд гъæздугдæр æй, уотæ уæлиаудæр бунæтти æрбадгæй. Еци еугур фæрзеутæ син ке фæрци 'нцæ, еци хумæтæг фæллойнæгæнгути ба сæ фингитæмæ хæстæг нæ уадзунцæ. Угæ хаттæй-хатт, сæ рæстзæрди ку фæуунцæ, уæд уонæн дæр сæ уæлдæйттæй битири хузæн цидæртæ рагæлдзунцæ (зæгъæн, сæ пенситæбæл син къапеккитæ бафтаунцæ, сомтæй ба син сæ байсунцæ æргътæ фæббæрзонддæр кæнгæй, аллихузон æримисгæ феддонтæ æма æндæр налат миути фæрци). Цума еци æнæфсес бонгинтæмæ уотæ ба нæ кæсуй, æма еу бони сæри тухст адæм се 'гудзæгдзийнадæй исфæлмæцгæй, сæ маст есун байдайдзæнæнцæ...



**Александр ЕМЕЛЬЯНЕНКО, хæлæмулæгонд тухæвзарæнти богал: «Скъолай адтæн, ахури еумæйаг бæрæггæнæн «æртæ» кæмæн адтæй, уонæй. Нур фæдтæн нефтикустгæнæгбæл деканат (æма уæхæн факультатив дæр ес ?!.) Ес мæмæ дууæ уæлдæр ахургонддзийнади: экономикон æма нефтикустбæл. Æз дæн декан...»**

Гъе уотæ 'й спорстменти карни фæткæ. Деканатмæ бацудæй диплом есунмæ æма си радекан æй. Паддзахадон Думæмæ бацудæй, уæддæр ци 'й, зæгъгæ, уой базонунмæ æма си радепутат æй. Равзурдæй Федераций Совети – æма си æнæнгъæлти расенатор æй. Еузагъдæй, зундгин ун уоййасæбæл нæ гъæуй – дæ дзæмбути хъаурæ уæд æма алцидæр дæ къохти уодзæнæй.



**Аринæ НОВОСЕЛЬСКАЯ, Хъирими культури министр, телеконференций рæстæг æнæфсармæ зæгъдтитæ ниццæлхъ кодта комкоммæ эфири: «Техникæ ку нæбал куста, уæд ми исервазтæнцæ æнæпарламентон зæгъдтитæ...»**

– Техникæ нæбал косуй, зæгъгæ, уой рæуонæй культури министрæн æнгъезуй, еци рæстæг ма æ рази ци берæ адæм адтæй (се 'хсæн силгоймæгтæ дæр куд нæ адтайдæ!..) уæхæн гириззаг дзубандитæ кæнун?.. Еузагъдæй, адæймагæн æ меддуйней културæ циуавæр уа, æ дзубандитæ дæр уæхæн фæуунцæ – цийфæнди рохситауæн бунат ку ахæсса, уæддæр...



**Номдзуд уруссаг комедитæ финсæг Денис ФОНВИЗИНИ (1745-1792) уотæ ку бафарстонцæ, адæймаг æма хайуан цæмæй игъаугидæр æнцæ, зæгъгæ, уæд е равардта дзуапп: «Берæ цæмæйдæрти!.. Хайуанæй адæймаг некæд рауайдзæнæй, адæймагæй ба, уæлдайдæр ба мулкгинтæй, хъæбæр ахид дæр ма хайуан рауайуй».**

– Махмæ гæсгæ, бустæги раст нæй, уæхæн барст. Е 'рдзон искондмæ гæсгæ хайуан, цæйбæрцæ 'й гъæуй æ бауæри, уомæй фулдæр нæдæр дон нæ баниуаздзæнæй, нæдæр хуæруйнаг бахуæрдзæнæй, уотæ ин бæрцæй æнцæ иннæ гъуддæгутæ дæр. Адæймагæн ба бафсес нецæмæй ес, цæйбæрцæ ин æнтæсуй, уой бæрцæ лæборуй æма лæборуй. Гъенур ба рабаретæ, ка хайуандæр æй...

**Нæ бæсти материалон-хомагон бундор исаразуни советон геологти агъазиау æскъуæлхтдзийнæдтæ нимайгæй, 1966 анзи нисангонд æрцудæй геологи Бон. Уæдæй фæстæмæ еци бæрæгбон алли анз дæр бæрæггонд цæуй 4 апърели.**

*Æз ирон æвзагæй цæйбæрцæбæл къумух дæн, фал ма саухæнгæ уотемæй дæр мæ зæрдæй æнкъарун, æнафони æ цардæй ка рахецæн æй, еци поэти «Ирон фæндур»-и рæсугъд зæлтæ, е 'мдзæвгити дессаги дзурдарæхстдзийнадæ æма аййевдзийнадæ.*
***Всеволод МИЛЛЕР (1848-1913), уруссаг ахургонд.***



**ГАРДАНТИ Михал:**

# «ÆНОСТÆМÆ КАДÆ – НÆ НОМДЗУД ПОЭТÆН!..»



**Имисуйнæгтæ Хетæгкати Къостай туххæй**

КЪОСТАЙ ном раги райгъустæй Иристонбæл, æнæгъæнæ Кавказбæл. Е адтæй адæмæн сæ бæгъатæр фурт, сæ зартæгæнæг, сæ бартæбæл тохгæнæг. Æма, поэт æ цард, æ дессаги поэтикон исфæлдистадæ æнæвгъауæй кæмæн равардта, еци æфхуæрд адæмтæ 'й алкæддæр æнæкæрон берæ уарзтонцæ, æ фарс адтæнцæ, агъазмæ имæ æнгъæл кастæнцæ. Е син лæвардта æ агъази хай æма ин кодтонцæ устур кадæ.

Къостай фæууинунмæ, уой зундæй бафæрсунмæ, æ фæдбæл цæунмæ хъæбæрдæр бæлдтæнцæ ирон фæсевæди раззагдæртæ. Уонæбæл нæхе нимадтан мах дæр. Æма 1890-аг анзи, Æрæдони дини скъолай ахур кæнгæй, исфæндæ кодтон Къостай хæццæ базонгæ ун, фæллойнæгæнæг дзиллити 'хсæн сæребарæ æма рохсдзийнадæ тауни сæрбæлтау е ци надбæл лæудтæй, уобæл цæун.

Къоста еци рæстæги нимад адтæй паддзахи устурдæр знæгтæй еуебæл. Æ райгурæн Иристони ин цæруни барæ дæр нæ адтæй. Æрæдони дини скъолай разамонгутæ æма моллотæ дæр поэтмæ хуарз цæстæй нæ кастæнцæ. Етæ дæр, уæдта бунæттон буржуазон элементтæ дæр сæ гъос дардтонцæ студенттæй Къостай финститæ, кенæ ба æндæр революционерти киунугутæ ка кастæй, уонæмæ, æма сæ ку базониуонцæ, уæд сæ скъолайæй ратæриуонцæ.

## Æ ЗÆРДТАГОН ДЗУБАНДИЙÆЙ МÆ ФÆРРАЗÆНГАРД КОДТА...

Еу бæрæгбони рæстæги æз байархайдтон мæхе скъолайæй æртæ боней дæргъи ракорунбæл æма фестæгæй рараст дæн Æрæдонæй Дзæуæгигъæумæ. Е адтæй 1892 анзи, 1 октябри – раст не скъолай дини бæрæгбон ку адтæй, уæд.

Сахари бацудтæн поэт Цæголти Михали фурт Геуæргимæ. Е зудта Къостай фатер æма мин æй байамудта. Къоста уæд, æнгъæлдæн, Æрæдони номбæл гъæунги цардæй (æви Тифлиси гъæунги, дзæбæх æй нæбал гъуди кæнун). Бацудтæн æма дуар бахуастон. Рацудæй мæмæ фудхузгомау æ кари силгоймаг æма мин загъта:

– Къоста нуртæккæ ами нæй. Ами фæууй сæумæй фараст сахаттебæл, кенæ ба бонæй æртæ сахаттебæл.

Æз фæстæмæ рандæ дæн. Къостай фæууинунмæ бæлгæй, мæ зæрдæ агайдта фурцийнæй. Рæстæг дæр ниддаргъ æй. Фæндадтæй мæ тагъддæр ку тахтайуонцæ минуттæ æма æртæ сахатти ку иссайдæ.

1892 анзи, 2 октябри, бони æртæ сахатти ку иссæй, уæдта бахуастон Къостай фатери дуар. Уайтæкки дуар фегон æй, ракастæй мæмæ хуæрзконд, зæрдæмæддзæугæ, гургин лæхъуæн, еу-дæс æма инсæй анзи кæбæл цудайдæ, уæхæн. Салам мин равардта, уæдта мæ бафарста:

– Ка дæ гъæуй, æнсувæр?

Æз расурх дæн æма æфсæрмигæнгæй дзуапп равардтон:

– Бахатир кæнæ, мæн Къоста гъæуй, фæууинон æй.

Лæг æ медбилти бахудтæй, дуæрттæ урухдæр байгон кодта. Æ къохæй мин райамудта уатмæ æма дууемæй дæр медæмæ бахизтан. Кæд мин æхе нæма байамудта, уæддæр æз базудтон, е Къоста ке адтæй, уой, æма мæ зæрдæ цийнæй райдзаг æй. Æ еу къахæй еуминкъий къулух цудæй. Еу дуарбæл бахизтан хорнигулæн æрдæмæ тургъæмæ, уордигæй галеуæрдæмæ æндæр уатмæ бацудан. Е адтæй Къостай хузæгæнæн æрмадзæ.

Уати уайтæкки рауидтон нæуæг конд хузæ: æригон хуæнхаг биццеу, дорсæттæг. Е дзæбокæй сæттуй дортæ, фудхуз, фæлорс, æ уæледарæс еуæй-еу рауæнти æскъудтæ.

Еци æнамонд мæгур сувæллони хузæмæ кæсгæй мæ зæрдæ бамæгур æй. Сæргубурæй имæ дзæвгара фæккастæн. Уоми ма адтæй цидæр изæдти хузтæ дæр. Къоста мин уонæмæ райамудта. Æркастæн сæмæ æма ин æфсæрмигæнгæй загътон:

– Уæхæн гъæздугцардгæнæг «изæдтæ» махмæ дæр берæ ес. Адæймаги зæрдæмæ уойбæрцæ нæ хезунцæ. Фал æз хъæбæр тæрегъæд кæнун уартæ еци мæгур биццеуæн.

Къоста бабæй мæ дзубандитæбæл æ медбилти бахудтæй æма иннæ уатмæ бахизтæй. Æз еуцæйбæрцæдæр рæстæг еунæгæй райзадтæн. Хузтæмæ кæсгæй гъудити ранигъулдтæн æма нæ бафеппайдтон, Къоста фæстæмæ куд рацудæй, уой.

– Цæуæн медæмæ, иннæ уатмæ, – загъта е æма бацудан, æ къæрæзгитæ хорнигулæнæрдæмæ кæмæн адтæнцæ, уæхæн ниллæг уатмæ. Къела мин æривардта.

– Исбадæ, – къеламæ мин райамудта, æхуæдæг къæразги рази персайнаг горцъейæй æмбæрзт ка адтæй, уæхæн тъахтинбæл æрбадтæй...

– Гъе дин мæнæ æз, Къоста! – загъта е, æма мæмæ цума ести хабармæ æнгъæлмæ кастæй, уæхæн каст æрбакодта.

Æз дæр имæ лæмбунæгдæр æркастæн: æмбесонди хуæрзконд лæхъуæн, – æ тæрних – бæрзонд, цæхæрцæстæ, æ бецъотæ дæр сау-сауид, æ закъæ дæр адтæй рæсугъд, цубур æлвид. Еузагъдæй, æцæг ирон лæг.

Æз уой размæ берæ хæттити фегъустон, зæгъгæ, дан, Къоста дæсни æй, ке хæццæ ин куд дзубандигæнгæ æй, уомæ. Æ лимæнти хæццæ фæлмæн æма игъæлдзæгæй фæдздзубанди кæнуй, ке нæ уарза, уой хæццæ ба æнæхатирæй.

Къела мин ку æривардта, уæд æз хъæбæрдæр нифсæрми дæн. Ходуйнаг мæмæ кастæй, кæстæр уогæй, е 'мрæнгъæ исбадун. Къоста мæ балæдæрдтæй æма мин нæуæгæй байамудта къеламæ:

– Æфсæрми ма кæнæ, исбадæ æма мин дæ хабæрттæ радзорæ.

– Æз Æрæдони дини скъолай кæсун, киристонгъæуккаг дæн, Гардантæй, – загътон æма бабæй нæуæгæй нигъгъос дæн, цума мæмæ дзоруйнаг æгириддæр нецибал адтæй, цума æз айдагъдæр Къостайæн æ фæууинунмæ æрбацудтæн, уотæ. Кæсунæй имæ нæбал æфсастæн.

Къостабæл адтæй хумæтæги дарæс – сау хæдонæ. Уæхæн хумæтæги дарæси 'й уой фæсте некæдбал фæууидтон. Е алкæддæр дардта цохъатæ, бухарходæ æма хуæдбунтæ, баслæхъ, хъæма ирон рони хæццæ – ефстагмæ ибæл уидæ нимæт дæр.

Мæ хæццæ куд фулдæр дзубанди кодта, уотæ 'й зæрдæ æхемæ хъæбæрдæр æлваста. Къостай хæццæ дзубанди кæнунæй, æвæдзи, некæд бафæлладайнæ.

– Къоста, – фæстагмæ исдзурдтон æз. – Еу минкъий басня нифинстон: «Толдзæ æма æхсæрæ». – Æма имæ равардтон мæ къохфинст.

Къоста 'й æхенимæри бакастæй, уæдта мæ бафарста:

– Зæгъай мин, дæ хуарзæнхæй, ци зæгъунмæ гъавтай аци басняй?

– Еуæй-еу бонгинтæ, æлдæрттæ, саугинтæ æма æндæр уæхæнттæ сæхемæ толдзи хузæн федар кæсунцæ. Нецæмæ дарунцæ листæг æхсæрæ бæлæсти. Кавкази мингæйттæй ка ирæзуй æма берæ æхсæртæ кæбæл æрзайуй, уони. Гъома, фæллойнæгæнæг мæгур адæми.

– Раст, хъæбæр раст зæгъис, мæ лимæн, Михал, – мæ номæй мæмæ исдзурдта. Æвæдзи 'й æмдзæвги бунмæ бакастæй, – махæн дæ хæццæ нæ гъудитæ еу рауæнмæ цæунцæ. Æнæмæнгæ еу гъуддагæй гъигæдард ан. Гъæуама нæ тох бонгинти нихмæ уа æфхуæрд адæми царди сæрбæлтау...

Берæ фæлмæн дзурдтæ ма фæккодтан. Гъæуи, скъолай хабæрттæй мæ фæффарста Къоста. Уæдта имæ мæ финст ниууагътон, хуæрзбон ин загътон. Е ба мæнæн фæндараст. Уотемæй ме 'скъоламæ фæстæмæ æрцудтæн. Уордигæй фæстæмæ æз зæрдиагæй архайдтон, Къостай хæццæ нæмæ ци бастдзийнадæ рауадæй, уой федардæр кæнунбæл...

1893 анзи, 20 июли, æз каст фæдтæн, ци скъолай хабар кодтон, уой. Косун райдæдтон адæмон ахургæнæгæй. Еци рæстæги Къостайæн Иристони цæруни барæ нæ адтæй. Е рандæй е 'рвадæ Хетæгкати Андухъапармæ, Петербургмæ. Андухъапар уоми уæд дохтирæй куста. Къоста имæ еуцæйбæрцæдæр рæстæг рацардæй, уæдта дууемæй дæр исфæндæ кодтонцæ Иристонмæ иссæун.

1896 анзи ба иссудтæн Дзæуæгигъæумæ. Уæд æз косун райдæдтон Терки облæсти скъолати инспекторæй. Базудтон, Къоста Андухъапари хæццæ Петербургæй сосæггай ке иссудæй, уой. Къоста Терки облæсти администрацийæй æхе римахста æма æ фусун æркодта Иригъæуи, Колитæмæ.

Иристони хъазар поэт æ райгурæн бæстæмæ ке фæззиндтæй, уой Къостайæн æ хæстæгдæр æмбæлттæй æндæр неке зудта. Еци æмбæлттæй еу адтæй поэт Цæголти Геуæрги. Цæголи-фурт зæрдиагæй архайдта Къостайæн кадæ æма цитæ исаразунбæл, исбоц æй кæнунбæл. Цæголи-фурти фæндонмæ гæсгæ, Къостай куд æнгъезуй, уотæ исиуазæг кæнуни туххæй, сахари сæрмæ Сапитскийи будки кувд искодтонцæ.

## КЪОСТАЙ ХÆЦЦÆ ФЕМБÆЛДТИТÆ НИН АГЪАЗГÆНÆГ АДТÆНЦÆ...

Июни æви июли адтæй, дзæбæх æй нæбал гъуди кæнун. Айдагъдæр ма мæ зæрдæбæл лæууй – сабати бон адтæй. Кæбæл æууæндтæн, уæхæн дууæ æмбали – Тотой-фурт æма Бердий-фурти мæ хæццæ райстон, фаэтон байхуæрстан æма иссудан нæ нисангонд бунатмæ. Берæ хуарз дзубандитæ фæккодтан. Нæ хузæ Къостай хæццæ еумæ исистан. Хузесæги муггаг адтæй Джанайтæй – Хетæгкатæй. Алкедæр фæндадтæй Къостамæ хæстæгдæр балæуун, уой хæццæ фулдæр радзубанди кæнун.

Рæсугъд къохи, кæдзос уæлдæфи, берæ деденгути астæу, гъæздуг фингæ æрæвардтонцæ. Финги хестæрæн равзурстан Къостайæн æхе. Æз разардтон, Къоста ци зар уарзта «Къудари зæронд лæг», зæгъгæ, уой. Мæнæй æй райста Къоста. Еугурæйдæр ин зæрдиагæй базариуонцæ.

Нæ еугуремæн дæр нæ каст Къостамæ адтæй. Е игъæлдзæг адтæй, æ цæститæй худтæй, циуавæрдæр нифси цæхæртæ си æрттивтонцæ.

Къоста фиццаг ракувта нæ фембæлд исаразæг, поэт Цæголти Геуæргий цæрæнбони туххæй.

– Хуарз адтæй, æмбæлттæ, раст ку зæгъæн, уæд, Геуæргий æргъуди æма ин æ цæрæнбони туххæй баниуазæн...

– Хуарз, хъæбæр хуарз, Къоста! – загътонцæ æмбæлттæ æма ин æ седт кæронмæ рахъæртун кодтонцæ.

Уой фæсте берæ æндæр гагидæуттæ. Хуæрдæ æма ниуæзти игъæлдзæгдзийнади фингæ идарддæр æ куст кодта. Берæ си адтæй гъуддагбæл дзубандитæ. Дзубанди рацудæй хуæнхаг силгоймæгтæн ахурадæмæ над аразуни туххæй дæр. Къоста амудта, зæгъгæ, гъæуама хуæнхаг силгоймаг нæлгоймаги хæццæ æмбарæ уа, биццеутæ æма кизгуттæ гъæуама æмхузон хай есонцæ ахурадæ æма рохсадæй.

Мах – ахургæнгутæ – еци гъуддаги Къостай фарс адтан.

Нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ еумæ æмхузонæй ахур кæнонцæ, зæгъгæ, уой нихмæ ка лæудтæй, уæхæнттæ дæр си разиндтæй не 'хсæн. Уонæй адтæнцæ сахари хецау Байати Гаппо, уæдта сахари скъолати ахургæнæг Тибили-фурт. Æма сæ дууей туххæй дæр Къоста гъазгæ-æфхуæрæн дзубанди кодта: «Зундгин ахургæнæг æй Тибили-фурт. Уой нæ гъæуй ахургонд



*Зæрди æнкъарæнти медхъурдохæн равдесунмæ... æз Къостайæй дæснидæр, Къостайæй дзурдарæхстдæрбæл некæд исæмбалдтæн. Еци медæнкъарæнтæ Къоста куд поэтиконæй, зæрдæ агайгæй æма тухгинæй равдиста, уотæ некæмæн ма бантæстæй.*
*Илья СЕЛЬВИНСКИЙ (1899-1968), поэт, тæлмацгæнæг.*




КЕЛÆХСАТИ Магрези конд хузæ «Къоста æма æ алливарс лæугутæ».

уосæ. Ахургонд уосæ коммæ нæ фæккæсуй...»

Байати Гаппой дæр æхсилкъæ кодта æ цыргъ зæгъдтитæй: «Зундæй идзаг æй Байи-фурти сæр, е хумæтæги не ’ссæй Горæти сæр»...

Фал нин уæдмæ нæ гъæуайгæнгутæ фегъосун кодтонцæ:

– Терки рахес билæбæл, Тарскийи хутор æрдæмæ, дан, пъæлицæ иссæунцæ. Æнæмæнгæ бабæй етæ кедæр агорунцæ.

Еци бæлахæй нæ нæхе æвæстеуатæй багъæуай кæнун гъудæй. Къостайæн æхе амундмæ гæсгæ æмбæлттæ уайтæкки еугæйттæй гъæди сæхе римæхсунмæ фæцæнцæ. Айдагъдæр Къоста, Андухъапар æма æз нæхе нæ бафæсвæд кодтан. Нæ бунатæй æмраст къахнадбæл сахармæ рараст ан пъæлицæйæгтæн сæ тæккæ комкоммæ.

Къостайæн æ пълащ адтæй æ галеу цонгбæл, æ рахес къохи ба – зонт. Уомæй гъазгæ цудæй Къоста æма дзурдта:

– Де ’знагбæл дæ фæуузæлахез ун ку фæндæуа, уæд имæ алкæддæр комкоммæ нифсгунæй, лæгæй-лæгмæ цо!..

Мах неке бахъор кодта. Фал гъæди нæ хæццæ ка адтæй, уонæй беретæ ахæст æрцудæнцæ. Ахæст æрцудæй поэт Цæголти Геуæрги дæр. Мæн ба мæ кустæй райеуварс кодтонцæ – политикон æгъдауæй мæбæл æуууæнкæ ке нæбал адтæй, уомæ гæсгæ. Къостай хæццæ еци фембæлд махæй беретæн фæййагъаз æй нæ идарддæри революцион кусти надбæл федардæр æма еузæрдиуондæрæй цæунæн.

Уæдæй фæстæмæ Къостай хæццæ берæ хæттити исæмбалдтæн. Нæ дзубандий сæр фулдæр уидæ ирон æвзагбæл газеттæ æма киунугутæ мухур кæнуни гъуддаг.

Къоста ахид цæуидæ Æрæдонмæ. Æ фусун адтæй ахургæнæг Хурумти Аврам.

– Саугинтæ мин дзæбæх æхца федунцæ изæдти хузтæ ку искæнун, уæд. Архайун æз дæр! Мадта ци киндæуа! – Еци дзубандитæ цалдæр хатти фегъустон æз Къостайæй.

Нæ бастдзийнадæ никкидæр исфедар æй газет «Цæгат Кавказ»-и редакций æмкосгутæ ку адтан, уæд. Еци рæстæг Къоста хъæбæр æнхус кодта бунæттон автортæн, редакцимæ ци æрмæг æрвистонцæ, уони исредакци кæнидæ æма сæ тагъддæр ниммухур кæнунбæл архайдта.

Ралæудтæй 1900 анз. Къостайæн ахæстдонæ æма зин цард æ хъаурæ басастонцæ. Нез ибæл уæлахез кæнун райдæдта.

## Æ ФÆЗЗИАНИ ФÆДБÆЛ ХЪОНЦ КОДТАН НÆ ЕУГУР ДÆР...

Фæстаг хатт ма Къостай Æрæдони ку фæууидтон, уæд мæ æрæдойнаг æмбæлттæн дзурдтон, Къостайæн æ хъаурæ æхемæ нæбал æй, зæгъгæ. Етæ дæр загътонцæ:

– Раст æй, Къостамæ æ кæддæри хъауритæй берæ нæбал байзадæй. Ардæмæ дæр ма, æвæдзи, æ рагон уарзон Цæликкати Анни уинунмæ æрцæуй.

Аннæ еци рæстæги цардæй Æрæдони, æ хæстæг Абацитæмæ. Хурумти Аврамæ фусун уогæй Къостайæн, æвæдзи, Анни фæууинунæн фадуат фæцæй. Фал ма ин уомæй дæр ци пайда адтæй? Исæнæхъаурæ ’й...

1906 анзи, апърели, махмæ Дзæуæгигъæуи ахæстдонæмæ æрбайгъустæй Къостай мæлæти хабар. Мах нимад адтан политикон ахæститæбæл – 1905 анзи революцион змæлди активон архайгутæбæл. Уайтæкки дæр камеритæбæл рахæлеу æй еци уæззау хабар. Æ цардæй рацох æй номдзуд финсæг, адæми сæрбæлдзорæг, нæ ахургæнæг, нæ хъазар æмбал Къоста.

Ахæститæ сæ еугур дæр гъигæзæрдæй исистадæнцæ:

– Рамардæй Къоста.

– Рахустæй ирон адæми дессаги стъалу, нæ хор, – унгæг гъæлæсæй игъустæнцæ дзубандитæ.

Политикон ахæститæ байагурдтонцæ ахæстдони администрацийæй, цæмæй Къостай мæлæти туххæй панихидæ арæзт æрцæуа. Æма син уæхæн барæ ку нæ лæвардтонцæ, уæд ниллæудтæнцæ, хуæруйнаг нæбал райсдзинан, зæгъгæ.

Политикон ахæстити фæдбæл рацудæнцæ æнæуой ахæститæ дæр, бунт исистонцæ. Ахæстдони медæггаг дуæрттæ басастонцæ, надзирательтæй кедæрти фæннадтонцæ æма ахæстдони тургъæмæ рампурстонцæ. Курдтонцæ, Къостай рамæлуни номбæл саугин куд исаргъудтайдæ, уотæ.

Ахæстдони администраций бон не ’ссæй ахæстити тох бауорамун æма дуккаг бон исаразтонцæ Къостай номбæл рохсаг зæгъуни аргъуд. Ахæститæй тургъи къохбагæнæн нæбал адтæй. Уæдмæ саугин Солнцев фæрраст æй ахæстдони минкъий дзиуарæмæ. Е аргъаун райдæдта Къостай туххæй: Хуцау, дзенетмæ ин над раттæ, зæгъгæ. Мах ба нæхердигонау æмхузонæй дзурдтан: «Æносмæ цæрæд æ кадæ нæ номдзуд поэтæн!»

Аргъудæй фæстæмæ цæугæй ба низзардтан революцион зар «Интернационал».

Еци сахат махæн нæ зæрдити адтæй устур маст æма гъигæдзийнадæ Къостай фæззиани фæдбæл. Цæттæ адтан никки карздæрæй тох кæнунмæ.

Фал уайтæкки фæззиндтæнцæ нæуæг æфсæддонтæ ахæстдони администраци æма пъæлицæн агъаз кæнуни туххæй. Етæ гæрзефтонгæй æрзилдæнцæ нæ алливарс, нæуæгæй бабæй нæ бакодтонцæ талингæ ахæстдони унгæг къумтæмæ...

### БОТЪОТИ АККО

***

*Дзилли номæй устур зæгъæг,*
*Уарзон фидæн – хъазар игурд,*
*Знаги нихмæ федар лæууæг*
*Нарон Къоста Хетæги –фурт.*

*И бонвæрнон æстъалуйау,*
*Ду ферттивтай Иристони.*
*Багъæуаги хъæбæр егъау*
*Кодтан дæуæй мах нæ соми.*

*Седзæрти зин дæ зæрдæбæл*
*Уæззау дорау ку бадидæ.*
*Багъæуаги æнæ æнгъæл*
*Боз ди уидæ «Хъубади» дæр.*

*Паддзах æма æ лæбугътæ*
*Сæ нивæнгъæ ди уидтонцæ,*
*Кахановтæ сегас тухтæ*
*Де ’фхуæрунбæл æвзурстонцæ…*

*Царди адæ дæ афони*
*Нæ фæууидтай дæ цæстæбæл.*
*Хуæрзидзулдæй нур абони*
*Цард ивулуй нæ бæстæбæл.*

*Дæ цирти дор мабал резæд:*
*Ду нæбал дæ ихæсгин.*
*Дæ цæстæ нур мабал хезæд:*
*Рохс Октябрь – намусгин.*

*1929 анз.*

### ГЕТЪОТИ ВИКТОР

## КЪОСТАЙ МАДÆН

*Æ номбæл цæмæннæ ес гъæунгæ?*
*Кенæ ин куд нæййес циртдзæвæн?*
*Мади ном æнцон фæууй зæгъунмæ,*
*Зиндæр æй кадæ скæнун уомæн…*

*Мах некети ку ’сесæн бæрзондмæ,*
*Куд нæ фæдтæ нимади ду уæд,*
*Мадæ – Майрæн ка ’ссæй Иристонæн,*
*Иристонæн ка ’рхаста изæд?*

*Кæд, миййаг, цалдæр æнцæ Къостатæ,*
*Еунæг е нин не ’скодта кæд ном?*
*Нæ дзилагæ тæккæ хуæздæр мадæ,*
*Мах дæ рази фæцан фуддзæсгон…*

### КЕРТАНТИ ТÆХИР

***

*Адтæй дæ догæ сау, мæйдар,*
*Дæ цирт – зиндонæ ’ма æнкъард,*
*Уæддæр сæребарæбæл дæ зар*
*Гъæрæй ку райгъустæй идард!*

*Адтæй æлдар дæ рун, де ’знаг,*
*Косæг, мæур лæг – дæ хæлар.*
*Кæнгæй рæсугъд цардмæ фæндаг.*
*Адтæ мæгуртæн цирагъдар.*

*Уарзтай седзæрти дæ уодау,*
*Ристæй дæ зæрдæ сæ зинæй;*
*Уонæн с’ амондбæл, тугъдонау,*
*Цудтæ карз тохмæ нифсгинæй.*

*Ирдтай алкæддæр фуд, æфхуæрд,*
*Уæддæр адтæ ду сæрбæрзонд:*
*«Рæхги фесæфдзæнæй зин цард,*
*Адæм райсдзæнæнцæ амонд», -*

*Адтæй дæ дзурд. Æма, æцæг,*
*Иссан абони нæ фæндон:*
*Æнцæ седзæртæ игъæлдзæг,*
*Иссæй Хъубади колхозон.*

*Къоста, абони дæр махæн*
*Цæрис нæ хæццæ æгасау…*
*Æз дæр м’адæмæн, мæ бæстæн*
*Ме ’хæс ку радтинæ дæуау!*

***Номдзуд французаг финсæг Стендаль (1783-1842) финста: «Зæгъæн ес, царди еугур фудæнхитæ ‘нцæ, цитæ нæбæл æрцæуй, уони мæнгæ хузи ке лæдæрæн, уой фудæй. Уомæ гæсгæ ба, цаути туххæй адæми арф зонунадæ æма рæстмæ гъуди нæ хæстæгдæр кæнуй амондмæ...»***



# ÆНОСОН ХАУЛЛИ

**КОКИТИ Геуæрги**

***«Æносон хаулли»-й таурæхъ фиццагидæр фæззиндтæй уруссагау «Пантеон» журнали 3-аг томи, 6-аг кинуги, 1850 анзи.***

***Таурæхъ абхазаг æвзагæй раййивта уруссаг æвзагмæ зæронд финсæг Савинов, æз ба ’й раййивтон уруссаг æвзагæй дигорон æвзагмæ.***

***Аци таурæхъ, Савинов куд зæгъуй, уомæ гæсгæ хæтуй кæсгон, цæцæйнаг, мæхъæлон, абхазаг æма ирон адæмти æвзæгтæбæл. Фал абони уæнгæ геппиуагъд ка ’рцудæй фидтæлти таурæхътæй ирон, кæсгон, мæхъæлон, абхазаг æма цæцæйнаг æвзæгтæбæл, уони ’хсæн аци таурæхъ некæми æй. Ирон адæми астæу дæр таурæхъ некебал гъуди кæнуй: адæмæй байронх æй.***

***Аци таурæхъæн, мæнмæ гæсгæ, ирон адæми литератури ес устур ахедундзийнадæ, уомæ гæсгæ, æма еугур дуйней адæмти литератури Агасфер, кена ба «Вечный жид», зæгъгæ, ке хонунцæ, уой нин ке æвдесуй Бурхани хузи, уой туххæй.***

***

Агасфер, хъæбæр рагон хабарæй куд байзадæй, уомæ гæсгæ Хуцауи нихмæ устур тæрегъæд ракодта æма ’й уомæ гæсгæ ба Хуцау ралгъиста «надзæла-намæла æносмæ фæккæнæ», зæгъгæ.

Бурхан дæр, рагон æгъдæутти нихмæ бакодта æртæ устур тæрегъæди: рауæйæ кодта æ цард хуæри, фусун нæ загъта иуазæгæн, силгоймаги рамардта.

Бурхан, таурæхъмæ гæсгæ, мæлгæ æцæгæй ракодта, фал æ уод æносмæ Агасфери хузæн, уæлæбæл гъезæмарæ кæнгæ байзадæй.

Агасфери хузæ дуйней литературæмæ бацудæй арф. Немуцаг литературæмæ ’й бахастонцæ Гете, Шамиссо æма Ленау; Францийаг литературæмæ – Шелли, уруссаг литературæмæ ба – Жуковский.

Агасфер ирон адæми таурæхъти дæр разиндтæй Бурхани хузи æма мæмæ е кæсуй хъæбæр устур гъуддаг.

**-1-**

Ирæфи дони рахес билæбæл, Æхсæргунæй еу къуар версти ку ’суайай, уæд уоми нури уæнгæ дæр ма дигорон лæг байамонуй арф цъай – Байдæг, зæгъгæ, æ ном. Еци цъай æндæр номæй дæр ма фæххонунцæ – «æртæ тæрегъæдей дæлмагуртæ», зæгъгæ. Фиццаги-фиццагидæр, нæ хуæнхбæстæмæ киристон дин хъæртун ку байдæдта, уæд раст еци цъаййи бунати æ мæгур къæси цардæй мæгур дигорон лæг Бурхан, зæгъгæ, æ ном. Бурхани цæрæнти фалдзос æндæр цæрæг нæбал адтæй дигорæй: Дигорæ ма уæд еугурæй дæр медхонх цардæнцæ. Бурхани еунæг мæгурæй æ гъевтæ хуардта: кæд, цит, еске батонау кæнидæ, кенæ ба цауæни ести æ арми бафтудайдæ, уæд хуæрдгун кенæ ба æстонг.

Фал кæд Бурхан мæгурæй æ гъевтæ хуардта, адæмæй ба цардæй идæрддзæф, уæддæр æ мæгур къæс æхсæвæй-бонæй иуазгутæй адтæй идзаг: Ирæ, Дигорæ æма Кæсæги фæсевæдæн сæ тæккæ хуæздæртæ саулох бæхтæбæл идард балций ранæхстæр уиуонцæ Бурхани мæгур къæсмæ: уони ’хсæн ба лæг нæ фæууидтайдæ гебенагин, кенæ ба уорсалистæ халасдзагъд лæг... Лæг бангъæл адтайдæ, æма еци заманай фæсевæд æмбурд кæнунцæ Бурханмæ, уой туххæй æма, куд хæтæг лæг, уотæ ин алли гъæуи дæр, алли адæми астæу дæр зонгитæ æма æрдхуæрдтæ ес, зæгъгæ...

Фæсевæдæй Бурхани лимæндзийнадæ неке агурдта, уæдта гъæугæ дæр, æвæдзи, уотæ хъæбæр неке кодта: мудибиндзитæ рагуалдзæги деденæгбæл бæлттæй куд æмбурд кæнонцæ, уотæ фæсевæд дæр æмбурд кодтонцæ Бурханбæл æ хуæрæмæ гæсгæ – Доссанæ, зæгъгæ, æ ном.

Доссанæ, æдæуагæ, уæхæн рæсугъд кизгæ адтæй, æма æ еунæг æнгастбæл дагестайнаг æ «сугъзæрийнæ рехæ ниддасун кодтайдæ, æ гæмæх даст сæрбæл ба даргъ къæбæлдзуг сæригъун рауагътайдæ». Доссани рæсугъдæн кизгæ хъæбæр зин иссерæн адтæй Кæсæги дæр, Ири дæр æма Дигори дæр; æ сау дууæ цæсти, балий дууæ нæмугей хузæн æрттитæ цагъдтонцæ: æ нарæг астæу сугъзæрийнæ камарий буни æвзонг гæдибæласи хузæн, тасæ-уасæ кодта, е ’взестæ, зæлланг хъур ба кусти сæргъи Бурхани мæгур къæсæй кæмтти идæрдтæмæ игъустæй æма, цит, сахълæуд никкæнун кæнидæ тæссаг надбæл æнафони бæлццони... Æ кафти рæуæг, æ игъæлдзæгдзийнадæ, æ лæгигъæдæ – Доссани æмгæртти мардтонцæ соцъайæй, фæсевæд ба саулох бæхтæбæл идард балций ранæхстæр уиуонцæ, кæд æ цæстингаси фæууианæ, зæгъгæ, æнгъæлкæсгæй, алкедæр. Æртæ фарастькъохон бæхбæттæни Бурхани къæси размæ æхсæвæй-бонæй лæг ревæдæй некæд фæуууидтайдæ.

**-2-**

Еухатт кæми адтæй, уоми уалдзигон изæри Бурхани хæдзарæй еугай-дугайæй иуазгутæ хæлеу кæнун райдæдтонцæ. Иуазгутæн сæ фæстагдæр байзадæй кондгин æма уиндгун кæсгон æлдар Хасан-Бек, зæгъгæ, æ ном. Бурхан æма Хасан-Бек кæрæдзебæл уотæ цийнæ æма табедзæ кодтонцæ, æма лæг бангъæл адтайдæ, цума дигорон æма кæсгон æлдар æнсувæртæ разагътонцæ, уотæ, фал дууæ лæгей æхсæн æнсувæр æма хæлардзийнади гъуддагæй мор дæр неци адтæй: еци изæр Бурхан Хасан-Бекæй райста устур гæртан æ хуæри туххæй сосæггай.

Уомæ гæсгæ ба дууæ лæги дæр адтæнцæ амондгун æма кæрæдзебæл цийнæ кодтонцæ. Хасан-Бек сау нимæт æ рагъи рафтудта, æ кард, æ топп райста æма Бурхани хæццæ рацудæй тургъæмæ. Кæсгон æлдар заманай саулох бæхбæл æхе фенгон кодта æма Доссани къæразги комкоммæ гъазун райдæдта. Æрæги-дурæги ба хуæрзизæр загъта Бурханæн æма талингæ коми фæййауuон æй хъæрццигъай хузæн. Бурхан дæр ма еу сахат ралæудтæй, уæдта идæрддзæф къæдзæхи бунмæ æхе райста, æ гæртани æхцатæ сурх къимбуси къуар æлхийи никкодта æма ранæхстæр æй хæдзарæ ’рдæмæ. Минкъий ма ’й куд гъудæй къæсæрмæ, уотæ ба игъосуй, цума ’й кадæр æ номæй исхудта, уотæ. Бурхан фæллæудтæй, нийгъуста: æцæгдзийнадæй имæ Ирæф æрдигæй кадæр дзурдта æ номæй. Æ бузуртæ еу халæбæл телгæй, Бурхан æхе, гъæуанзи хузæн, рауагъта гъæр æрдæмæ.

– Сафар!.. Мæ дæлуймон, Сафар, ду дæ, ду, мæнгард? Хуцау ди ма ’сбоз уæд, мæ уод мин ку рауайун кодтай!..

Дони билæбæл лæудтæй турккаг биццеу, Сафар, зæгъгæ, æ ном. Сафари уæле рæуæг сосæг сæудегери турккаг хъæппæлтæ. Æ гъæлæс æ фæсхъостæмæ нийтигъта, уотемæй дууæ рæнгъи сатæг-уорс æставд дæндæгутæ байгон кодта Бурханмæ.

– Стъамбойлаг мæнгард, ци хуарз хабар мин æрхастай? – дзоруй Сафармæ Бурхан. – Ци ‘рдигæй? Æвæдзи бабæй дæ мæнгард зæронд фиди хæццæ нæ хуæнхти топпихуасæ æма сугъзæрийнæ æййеветæ нæ хуæнхаг рæсугъд силгоймæгтæбæл?

– Нæ рæдуйис, Бурхан, раст зæгъис, – дзоруй Сафар. – Раст дин ку зæгъон, уæд нæ аци уалдзæг лæвари не ’хснадта уалдзигон сахуарун уæ кæмтти: æхсæз хатти æхсæзгай цæди рарвистон хъумацæй Пицъундæмæ Бзибий билтæбæл. Уæдта Кæсæгæй дæр еу-цуппар цæди Гурдзибæл Потимæ... Нæ зонун æцæг, цæмæй нин балхæндзæнæ нæ зæрдæ Бурхан, уой, уæдта нин ци балæвар кæндзæнæй Дигорæ, уой...

– Ба ди æруагæс уæд, Сафар-Бек, аци балций, гъæуама, уæ арми нæ бафтуйдзæнæй еу бойауæй хурст сили нихбун дæр. Дигори уæ аци балций хайир не ’ссердзинайтæ.

– Цæмæн уотæ зæгъис, Бурхан? Ци фæцæнцæ уæ силгоймаг – рæсугъдтæ?

– Пирсийæй идарддæр ци фæууниау æнцæ нæ рæсугъдтæ? А фæззæги дзурд равардтан Дербенти сæудегертæн...

– Хуцау си ма ’саразi уæд... Фал, Бурхан, уотæ æнгъæл дæн, æма кæд нæ балцийæй неци рауайдзæнæй, уæддæр цума мæ фидæмæ ба дæхе бавдесуниау дæ, уотæ... Уæртæ Ирæфи æндаг билæбæл дæу хезуй...

Сафар топпи фатау Ирæфи билæй ниггæпп кодта бæлæгъмæ, æхуæдæг ба æ фæсте ивазуй Бурхани æ думæггагæй. Бурхан бæлæгъи хурфæ ку иссирдта, уæд Сафар æхе фæффест кодта æма æстаунмæ февналдта. Дæс минутти рацудайдæ, уæдта Бурхан Абдули фарсмæ заманай турккаг горцъебæл æхе рауагъта устур тæрсæ бæласи буни, æма хъазар стъамбойлаг тамаку даргъ лолæй думдта...

**-3-**

– Хуцау-зæнхæй дин ард хуæрун, Бурхан, мæ устур хæлар, кæд а дуйнебæл дæуæй гъæладæр æма æнæзунддæр еске ес, уæд. Кæд мæнæ мæ цæппæрмæ ести зунд ес, уæд дæу сæри дæр ести ес. Авд дини æма дин æвдæймаг арвæй ард хуæрун, кæд устур æнæзунд нæ дæ, уæд; амонд æхуæдæг дæ фæсте хæтуй, сугъзæрийнæ гъолтæ сæхуæдтæ дæ дзиппитæмæ хаунцæ, ду ба си дæхе, лæг æхе фатæй куд тегъа, уотæ дæхе рафæлевæбафæлевæ кæнис. Мадта ма гъæлабæл сиутæ фæууй? Уæ, æнæзунд, дæхемæ листæг æркæсай, дæхемæ. Дæ гебенай дивилтæмæ цæмæннæ æркæсис? Дæ базуртæ еу халæбæл ку телис, æма дæ бон цæмæннæ зонис, дæ мæгурдзийнадæ цæмæннæ гъуди кæнис?

– Е уотæ ’й, Абдул, фал ракæсай...

– Гъай-гъайдæр, уотæ ’й… Кæсун дæмæ, рагæй дæмæ кæсун, æма устур æнæзунд ке дæ, е ми æнæмæнгæй баруагæс æй. Дæуæй хевастдæр, Бурхан, хуæнхаг хæрæг дæр нæма фæууидтон. Хъуран, китаббæй дин ард хуæрун, кæд дæу бунати æз фæстæмæ дæр ку фæккастайнæ, уæд. Ракæсæй, Хуцауи хатирæй, аци сугъзæрийнæ гъолтæмæ, куд тæмæнтæ калунцæ, хорау куд æрттевунцæ... Нæ, дан мæ гъæуй аци мулк.

Æррабæл ма сиутæ фæууй? Мæгурæй исæфгæ кæнуй, æхемæ ба ин бакæсай!..

Абдул æхе ракъолæ кодта æма калакаг дувазон хурдзинтидзаг сугъзæрийнæ гъолтæ, тæмæнтæгæнгæ æруæгъдæ кодта æ размæ стъамбойлаг фæлмæн горцъебæл. Мæйдар æхсæвæ стъалутæ арвбæл куд гъазонцæ, уотæ сугъзæрийнæ гъолтæ Абдули æнгулдзити ’хсæн цæхæртæ калгæ, рафеллауæ-бафеллауæ кодтонцæ. Бустæгидæр ба сæ зæронд налат турккаг Бурхани цæстæмæ гæсгæ раууелæ-баууелæ барæй кодта. Судæймæлгæ лæг идзаг фингæмæ æ къæн-къунтæ куд хуæра, уотæ Бурхан дæр æ дууæ цæсти сугъзæрийнæ гъолти къупхæмæ ниццавта æма æ фур азарæй æ зир-зир цудæй, æ сор хед ракалдæй, уæдта æ цæститæ дони разилдта...

– Минкъий расагъæс кæнæ, Абдул, Хуцау кæмæн нæййес, хъурдохæнгæнгæ райдæдта Бурхан, фал æй зæронд Абдул дзорун не ’суагъта, æма ибæл æхе фæхъхъæбæрдæргæнгæй гъæри буни фæккодта:

– Гъе æнæзунд, мæн ци сагъæс кæнун кæнис: сагъæс ду бакæнæ, ду, æз ба ибæл басагъæс кодтон... – æхуæдæг ба, сугъзæрийнæ гъолтæй гъазгæ-гъазгæй, цума æнæбари ин æркалдæнцæ, уотæ æ хубедзæстидзаг Бурхани гебенай думæггагмæ æркалдта. Бурхани гебена уотæ зæронд æма къуæхтæ адтæй, æма си сугъзæрийнæ гъолтæ æ думæггагæй æркалдæнцæ.

– Силгоймаги рæсугъддзийнадæ цæмæн æй, ци æй, уобæл Бурхан минкъий расагъæс кæнæ, кæд бустæги æдули нæ дæ, уæд... Уотæ æнгъæлис, æма силгоймаги рæсугъддзийнадæ мæнæ аци сугъзæрийнæ гъолти рæсугъддзийнади хузæн æй? Дæ зæрди кæрони дæр ма æрæфтуйæд: сугъзæрийнæ гъолæ ку базæронд уа, æрттевгæ уотæ ку нæбал кæна, уæддæр æ нæуæги цæйбæрцæ адтæй, æ зæронди дæр уой аргъ кæнуй... силгоймаг ба?..

– Е-е-е, Бурхан, силгоймаг æма сугъзæрийни астæу берæ рауайуйнаг ес, – уой

**Уæрæсей слестгæнгутæ 6 апърели бæрæг кæнунцæ сæ профессионалон бæрæгбон. Уой фæдбæл син арфæ кæнгæй, нæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй еудадзугдæр сæ куст аразонцæ рæстдзийнади бундорбæл.**

*Номдзуд украинаг ахургæнæг Василий СУХОМЛИНСКИЙ (1918-1970) финста: «Зæруайæн неци хузи ес амондгун ун». Зæрдуайæн айдагъдæр ес æнцойнадæ кенæ саубон ун. Æнцойнадæ исуй, нимайгæ ‘й ку кæнонцæ, уæд. Саубон ба ‘й искæнунцæ иронхуат æма еунæгдзийнадæ...»*



дæ зонун гъæуй, мæ хæлар! Силгоймаг сугъзæрийнæ гъолæ нæй! Силгоймагæн æ базæронд устур æнамонддзийнадæ æй: анз уæлдай ибæл ку рацæуа, уæд силгоймаг сæдæ сугъзæрийнæ гъоли асландæр кæнуй; силгоймаги «æвзестæбæл» ба æрхи дæр некебал ратдзæнæй...Уобæл берæ дзорун дæр нæ гъæуй, гъæуама ’й дæхуæдæг дæр хуарз зонай æнæ мæн дæр... Нур Бурхан, мæнæ дæу хуæрæ Доссанæ, – бахатир кæнæ, фал е дæр силгоймаг æй, æнхуæцей хузæн... Доссанæбæл, Бурхан, нуртæккæ, гъа, мæнæ калакаг дувазон хурдзинтæ сугъзæрийнæ гъолтæй тъунсгæнæмгæ; уонæми ба ес финддæс мини!..

Абдул æваст æ дууæ къохи фæффест кодта æма сæ сугъзæрийнæ цæхæри рацавта; сугъзæрийнæ гъолтæ зæлланггæнгæ æрбайвулдæнцæ Бурхани ’рдæмæ...

– Еу анз ма ибæл ку рацæуа Доссанæбæл, зæгъгæ, – загъта Абдул, уæдта дин Бурхан, дæ хуæрæбæл мæнæ анæн се ’рдæгæй фулдæр нæбал ратдзæнæн; дууæ анзи – сæ цуппæрæймаг хай; æртæ анзи – уæдта...

– Цæй, Бурхан, расагъæс кæнæ, æнæзунд æдули ма уо! Хуцау дин амонд æ дууæ къохемæй дæттуй æма си дæхе ма хатæ! Рæдуйис!..

– Мæ фидбилиз... мæ сайтани хай, зæронд лæг... Мæ хуæри, мæ еунæг цардхуæри куд рауæйæ кæнон, Хуцау кæмæн нæййес? Ци мин кæнун кæнис, Абдул, ци ми агорис? Æхуæдæг ба æ дууæ цæсти сугъзæрийнæ гъолти зобатмæ ниццавта, ехæн-резæ кæнгæй.

– Гъе æдули, æнæзунд, æз ди æгириддæр неци агорун мæхецæн. Кæд дæ галеу дæ рахесæй æвзарунгъон дæ æма кæд адæми гъæр лæдæрис, уæд ди æз мæхецæн неци агорун, фал дин дæхе æма дæ хуæри сагъæс кæнун. Æз уой зæгъæг дæн, æма дæмæ амонд æхуæдæг æрцудæй æхе къахæй, æма ’й дæхецæй дæр, дæ хуæрæ Доссанæй дæр дæ къахи фиййæй ма къуæрæ. Æнæзунд, бунбауйнаг, уой куд нæ лæдæрис дæ цубур зундæй, æма Доссани устур æнамонд ке кæнис, уой! Доссанæ Турки паддзахи уоститæн уодзæнæй сæ тæккæ хестæр, сугъзæрийнæ æма æвзести бунæй ба зингæ дæр ку нæ кæндзæнæй... паддзах ба ’й хори фæрдугау, æ хъури ку дардзæнæй, æ комидзаг ба уой хæццæ дууех ку кæндзæнæй, биндзæ бабадун дæр ибæл ку некæд бауадздзæнæй...

Кенæ дæхе сагъæс, Бурхан, куд нæ ракæнис: мæнæ аци мулки хæццæ ка уисæ Дигорæ æма Ири ’хсæн, уой зонис? Дæ хабар, дæ кадæ ракой уидæ Ирæ æма Дигорæбæл нæ, фал сауæнгæ Кæсæг, Ассити уæнгитæ. Бурхани топпи хætæл хорæй æрттевагæдæр æма рæсугъддæр уидæ, æ хорæсайнаг хъæма ба æндон халæ лух кæнидæ, æфсæйнаг ба наси карст. Тохъосаутæ ба уонтæ бæрзонд æма сæргубурæй дæуæн дæтдзæнæнцæ уæд æгъдау, кенкегъазæ ба дин, цит, дæ размæ ку раласдзæнæй заманай саулох бæх, стъамбойлаг горцъейæй æмбæрзтæй... Кæсгон æлдæрттæ дин, Бурхан, уæд дæ æгъдинцойнæбæл бæргæ хуæциуонцæ... Кенæ ба дæ фусти дзогтæн нимæдзæ дæр нæ уидæ, дæ бæхæргъæуттæн ба бакæнæнтæ дæр нæбал уидæ... Еу иннемæй рæсугъддæр кизгуттæй дæ галауантæ, Бурхан, тъунсгæ-нæмгæ ку уиуонцæ... Дæ берæ хъиамæттæ æма мæгур бæнттæ фуд фунау ку феронх уиуонцæ, Бурхан!..

Хелаги сæрбæл цæнхæ ку ниррæгæнай æма е куд хъурдохæн кæна, уотæ Бурхан гъезæмарæ кодта сугъзæрийнæ гъолти сæргъи, æхуæдæг ба си æ дууæ цæсти нæбал æздахта... Зæронд турккаги дæлуймон дзубандитæ Бурханæн æ тæккæ зæрди сæрмæ хъæрдтæнцæ. Бурхан гъезæмарæй мардæй: еуемæй æ фæндæ адтæй хурдзини дзаг сугъзæрийнæ гъолтæ райсун, иннемæй ба æ еунæг цардхуæри Доссани куд рауæйæ кодтайдæ турккаг цагъарæн...



Бурхан æнсувæрдзийнадæн сугъзæрийнæй аргъ искодта...

Судæймард геруз куй къес-къосгæнгæ æхе æстæги морæбæл куд ниццæва, уотæ Бурхан дæр æ фурмондагæй исгъæрзтæй, æхе ниццавта сугъзæрийнæ гъолтæбæл...

– Дæу фæууæд Доссанæ, Абдул... – æхе меднимæр ма исдзорун бафæразта Бурхан, æхуæдæг ба сугъзæрийнæ гъолтæ æ хубедзæстæй кæми æ дзиппитæмæ, кæми æ думæггагмæ рафæлсодзæ-бафæлсодзæ кодта. Фал Бурхани гебена уотæ зæронд дивилдун адтæй, æма сугъзæрийнæ гъолтæ кæсалги æлвæст фæккæниуонцæ думæггагæй дæр æма дзиппитæй дæр.

– Гъе зундгин гъуддаг æй, уæдта раст гъуддаг Бурхан, ду ба дæхе ниббуцæу кодтай æма дæмæ дæхе зундæй хуæздæр дуйнебæл неке зунд кæсуй, – загъта зæронд Абдул, ходæзмолæ кæнгæй. – Дувазон калакаг хурдзинтæ сугъзæрийнæ гъолтæй идзагæй нур дæуæн хæлар, дæ хуæри рæсугъд Доссанæ ба мæнæн хæлар... Уой зонæ, æма дин аци гъуддаг дæ цæстæмæ дæр неке бадардзæнæй, гъома, Бурхан æ хуæри рауæйæ кодта, зæгъгæ. Уæйæ гъуддагæй æз æма дæу астæу мор дæр неци ес, фал бакодтан æййевгæ: ду райстай сугъзæрийнæ гъолтæ, æз ба райстон силгоймаги рæсугъддзийнадæ, – æма етæ ба æнцæ кæрæдзей аргъ. Уæйи гъуддагæй ба, мæ хæлар, нæ астæу мор дæр неци ес. Нур ба, ме ’нсувæр, фæндараст фæууо, ахсæви ба раст æмбесæхсæвæ куддæр исуа, уотæ Доссани рæсугъди ести амалæй раст аци рауæн исæмбæлун кæнæ. Ами дæ хездзæнæнцæ дууæ, кенæ æртæ лæги мæ адæмæй æма уонæй райсдзæнæ дувазон хурдзинтæ æхцайæй идзагæй... Æз ба зæронд куд уа, уотæ бал мæ над цубур кæндзæнæн... Сафар, ци дунд-далагъан фæдтæ, хъæстинези хуæлæдздзаг, – ма рауадзæ, мæнæ нæ хъазар иуазæги донуордæг фæккæнæ... Нæ гъуддаг Хуцауæн æхцæуæн фæууæд... Фæндагираст, Бурхан!..

**-4-**

Бурхан æ мæгур къæсмæ ку иссудæй, уæд æ хуæрæмæ æхе нæ бавдиста: ци цæсгонæй æхе бавдистайдæ æ нивондмæ; æ цæсгон Доссани размæ æхснад адтæй. Гъузгæ-гъузгæ æ хæдзари алфамбулай разелæ-базелæ кодта, цалинмæ Доссани къæразгæй цирагъи рохс калдæй, уæдмæ. Доссанæ, æвæдзи, е ’нсувæрмæ æнгъæлкæсгæй бадтæй æ кусти сæргъи.

Хуцау уæхæн мæйдар æхсæвæ искæнун кодта, æма лæг æ развæндаг дууæ ампъезмæ дæр нæ фæууидтайдæ.

Лæгъузгæнгутæ, давгутæ, балций ранæхстæр уогæй, уæхæн æхсæвæбæл баковунцæ Хуцаумæ. Хуæнхаг æхсæвæ уотæ сабур адтæй зилдæгæй, æма цума дуйне æваст цæмæдæр ниййарæнсæн æй, уотæ; æнахъæл Ирæфæн цума е ’носон æмбохун фæссабурдæр æй, уотæ кастæй лæгмæ... Бурхан нийгъуста æ алфамбулаймæ, фал æхе зæрди гупп-гуппæй æндæр æма æхе хæстуолæфтæй æндæр неци фегъуста. Æ зæрдæ уотæ исунгæг æй, æма ’й рафæндæ адтæй Абдули фæссайун, фал æ цæститæбæл сугъзæрийнæ гъолти фазонхурдзинтæ ку рагъазтонцæ, уæдта æваст æ дæндæгутæ фендагъдæнцæ... «Мæнæ куд байтамал дæн, мæнæ», – æхе меднимæр загъта Бурхан. – Лæг марунмæ, миййаг, ку нæ цæун, мæ хуæри уæйæ ку нæ кæнун, æййевгæ ’й ку кæнун…» – гъезæмарæй мардæй Бурхан...

Кæркитæ фиццаг уаст ку никкодтонцæ, уæд Бурхан æхе фæббæгъатæр кодта æма нур хæдзарæмæ фæммедæг уон, зæгъгæ, уотæ ба Доссанæ æ кусти сæргъи зæрдхъурмæ зар никкодта... Уотæ хъæбæр фæттарстæй Бурхан, æма фæстæмæ еу къуар ампъези ракæнгæй, уæлгоммæ дæргъæй-дæргъæмæ рахаудтæй. Доссанæ ба зардта...

Æнгъæлдæн æма, еци æхсæвæй мæтъæлдæр зæрдæй некæд зардта Доссанæ. Еци мæйдар сабур æхсæви Доссани зар уотæ рæсугъд адтæй, æма сау гъæди цъеутæ æригъал уогæй, фæрсаг кæнун райдæдтонцæ алли æвзагæй, аллирдигæй...

Бурхан ку æрæскъидтæй, уæд Доссани къæразги рохс нæбал калдæй. Сабургай дуари къæбæл раласта æма талинги урзацауæнæй æ хуссæн байагурдта зæнхи буйнагбæл, фал æ хъæппæлтæ ба нæ раласта...

Зæронд, цъумур буйнаги гæппæлбæл равдулæ-бавдулæ кодта Бурхан, æ цæсгон æма æ зæрди хæццæ тохгæнгæй. Кæркитæ дуккаг уаст никкодтонцæ, Бурхан ба ма уæддæр гъезæмарæ кодта æ листæни. «Нур афонæ ’й», – æхе меднимæр загъта Бурхан. – Кенæ нур, кенæ ба некæд. Доссанæ ниффунæй æй... Æхсæвæ мæ цæсгонæй дæр æма Доссани сау цæститæй дæр талингæдæр æй»...

Сабургай исистадæй æма ехæнрезæ кæнгæй, расуг лæги хузæн, ракеуæ-бакеуæгæнгæ, æ хуæри сæргъæмæ бацудæй... Доссанæ, изæди цъеуи хузæн, фæлмæн урундухъи хустæй, æ дууæ æставд дзиккой ба æ фæйнæ фарсемæ хуссæни дæргъæй-дæргъæмæ лæуудтæнцæ; æ еу къох æ сæри буни, иннæ ба, пили æстæгæй дæр уорсдæр, æхе гъæди æргæллеу æй урундухъæй. Бурхан листæг нийгъуста æма, Доссани инæфунæй æндæр неци фегъосгæй, æ урз радардта талинги. Æ бугъзур къох нийиахæста Доссани хъæдави хузæн фæлмæн къох...

– Доссанæ! – зæгъгæ, дзоруй сосæггай Хуцауи æлгъист Бурхан, æхуæдæг ба ин нибба кодта. Доссанæ!..

Мæгур кизгæ фатау фесхъиудтæй æма æ хъæдавæ уорс фæлмæн къох æхемæ баскъафта, фал ин е ’ннæ къох бабæй æлгъист Бурхан райахæста...

– Бурхан, мæ арт мæбæл бауазал æй, ду дæ е, ду?– дзоруй и кизгæ.

– Усс, Доссанæ, мæ зæрди æнцойнæ, мæ зæрди стъалу, – зæгъгæ, дзоруй дигорон сосæггай, æ хъурихатт раййевгæй. Фесавдан, куддæр де ’нсувæр, Бурхан, æригъал уа, уотæ...

Мæгур кизгæ уотæ фæттарстæй, æма æ фур азарæй æхе мисти бæдоли хузæн урундухъи къуми балхъивта.

– Доссанæ, мæ бони рохс, ма тæрсæ мæнæй, æз дæн... Хасан-Бек дæн. О, Доссанæ, бахатир мин кæнæ, мæ зæрди рохс, Дигоргоми рæсугъд стъалу! Ходуйнаг не ’рхæсдзæнæн æз дæу хæдзарæмæ, мæ уодигага, мæ рæсугъд Доссанæ...

– Ци дæ гъæуй, цæмæн æрбацудтæ, Хасан? – зæгъгæ ’й, фæрсуй æ уогъурсуз æнсувæри Доссанæ, æхуæдæг ба æ къохтæ ратудта æлгъисти къохтæй.

– Усс, мæ зæрдигага, гъæр ма кæнæ... Минкъий мæмæ байгъосæ...

Де ’нсувæр, Бурхан, не ’сарази æй. Игъосгæ дæр мæмæ нæ кæнуй... Идардмæ кæсгæ дæр нæ кæнуй... Хъæбæр берæ ин фæллигъстæ кодтон, фал ин амалæй амал не ’ссирдтон. «Мæ хуæрæ уæйæ ’й», – зæгъгæ мин разагъта æрæгидурæги ба...

– Уæйæ? Æз уæйæ дæн зæгъис? – зæгъгæ, исцъæхахст кодта мæгур кизгæ.

– Усс, Хуцауи хатирæй, гъæр ма кæнæ... Гъо, ра дæ уæйæ кодта... Фал дæ кæмæн рауæйæ кодта, уой ба нæ зонун... Неци мин загъта... нур ба мин, Доссанæ, Хуцау æма зæнхи артæй рохс зæгъæ: мæнæй æндæр еске дæ зæрдæ æхецæн адгинæн райсдзæнæй, æви нæ? Æнæ дæу мæ бон еу бон, еу сахат дæр фæццæрун не ’суодзæнæй, мæ уодигага. Доссанæ, нуртæккæ мæ цард дæр æма мæ мæлæт дæр æнцæ дæу къохи... Зæгъæ мин: дæ зæрдæ адгийнагæн мæн есуй æви нæ?

***Уодзæнæй ма.***

**Сабийти киунуги Æхсæнадæмон бон нисангонд æрцудæй 1967 анзи ЮНЕСКО-й унаффæмæ гæсгæ æма уæдæй фæстæмæ алли анз дæр 2 апърели бæрæггонд цæуй дуйней берæ рауæнти.**

***Республикон фестиваль «Æрцæгъдай, фæндур!..»-бæл исæнхæст æй 30 анзи æма уой фæдбæл æрæги арæзт æрцудæй фæндурдзæгъдгути юбилейон æркаст. Архайдтонцæ си Дзæуæгигъæуи, уæдта цалдæр районей сувæллæнтти исфæлдистадон хæдзæртти фæсевæдон центрти гъомбæлгæнуйнæгтæ æма æндæр къабæзти æригон архайгутæ дæр.***



# «АМИРАНИ РОХС» – ÆРИГÆНТТÆН РАЗВÆНДАГ АМОНÆГ

НÆ НАЦИОН драматургий æма театралон аййевади бундорæвæрæг Бритъиати Елбиздихъой берæ курухон фæдзæхститæй еу адтæй: «Дæ зæрдæй цæуæд уарзондзийнадæ, зунд ба ин – надамонæг!..» Æ еци фæдзæхст æ фæдонтæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæйбæрцæбæл æнхæстгонд цудæй æма нерæнгæ дæр цæуй, уомæн ба ирд æвдесæн æнцæ нæ театралон аййевади æнтæсдзийнæдтæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма æнхæстгонд цæуй айдагъ профессионалон сценæбæл нæ, фал хуæдахур театралон къуæртти фæрци дæр. Советон доги уонæн арæзт цудæй сауæнгæ аллихузон сæрмагонд исфæлдистадон æркæститæ дæр. Советон цардарæзти фехæлди фæсте еци ахсгиаг гъуддаг зингæ фæкъкъуæхци æй. Хуарз æма нуртæкки бæлвурд архайд цæуй æ иснæуæг кæнунбæл.

Еци гъуддаги уæлдай æновудæй архайуй нæ республики фæсевæди регионалон æхсæнадон организаци «Амиран». Уой хъæппæресæй фондз анзей размæ æвæрд æрцудæй бундор Цæгат Иристони сабийтæ æма фæсевæди национ театри фестиваль «Амирани рохс»-æн. Аци æргъудидзийнадæ æнтæстгин рауадæй, иссæй аллианзон æма анзæй-анзмæ фулдæр кæнунцæ æ архайгутæ, æ гæнæнтæ æма равгитæ.

«Амиран»-и разамонæг куд зæгъуй, уотемæй аци арфиаг гъуддаг исаразунмæ бавналгæй сæ фæндадтæй, цæмæй Цæгат Иристони иразгæ фæлтæртæ æхцулдæр уонцæ аййевадæбæл, æма уой фæрци цæмæй социалон хизти, интернети сæ рæстæг минкъийдæр æрветонцæ æма син етæ сæ уодисконди иразтбæл аллихузон нæгъæугæ æма зæранхæссæг хабæрттæй ма ахеда. Культурон æма спортивон царди архайгæй кæстæртæн сæ уодиконд, сæ зундирахасти ба æвзурунцæ рæсугъд æма фæнзуйнаг менеугутæ.

Театралон фестиваль «Амирани рохс» бабæй арæзт æрцудæй æрæги. Æма уой туххæй нæ радзубанди хумæтæги нæ райдæдтан Бритъиати Цопани фурт Елбиздихъой æримисгæй – æрæги, 23 мартъий æ райгурдбæл исæнхæст æй авдинсæй анзи (1881-1923). Æма ин æ рохс ном исцитгин кодтонцæ аци анзи фестивали мадзæлттæй. Уонæй ма бæрæггонд æрцудæй æркастæн æхебæл фондз анзи ке исæнхæст æй, е дæр. Фестивали архайдтонцæ Цæгат Иристони еугур районти скъолати мсфæлдистадон-театралон къуæрттæ, уæдта Хонсар Иристони къуар дæр.

Дзæуæгигъæуи фæсевæди исфæлдистади Галауани сценæй нæ республики скъолати театралон къуæрттæ равдистонцæ миниатюритæ нæ адæми цардиуаги фæдбæл. Арæхстгинæй байархайдтонцæ не 'гъдæуттæ æма фæткитæ, фольклори хæццæ баст фарстатæмæ сæхе цæстæй ракæсунбæл. Еци гъуддаги ба син арæхстгин разамонгутæ адтæнцæ сæ ахургæнгутæ.

Фестиваль райдæдта нæ фидтæлти нæуæгæнзон бæрæгбон «Хæдзаронтæ»-й. Игъæлдзæг миниатюрæ бацæттæ кодтонцæ Брути скъолай театралон къуари архайгутæ. Цæликки скъолай ахурдзау Тезиати Дзерассæ ба иронау аййев æма рæсугъд бакастæй аргъау «Хæлеугъæлæс паддзах». Фестивалмæ хаст æрцудæнцæ Бритъиати Елбиздихъой уадзимисти бундорбæл æвæрд скъуддзæгтæ дæр. Сæ еуей, радзурд «Дадолты мæт», сценикон хузи равдистонцæ Елхотти скъолай театралон къуари æригон артисттæ æма си фæууинун кодтонцæ, евгъуд æноси райдайæни æнахургонд адæми куд сайдтонцæ æма сæ æ фæстеугутæ цæмæ æркодтонцæ, уой.

Рагæйдæр Нарти кадæнгити хъайтартæй еу – Сирдон хаст цудæй æма цæуй æмбесондæн. Æ циргъзунд, хийнæйдзаг миутæ ин фестивали сценæй лæмбунæг равдистонцæ Чиколай æригон артисттæ. Уоййасæбæл дæсни æма арæхстгинæй рагъазтонцæ æма сæ адæймаг æцæг профессионалон артисттæ бангъæл адтайдæ.

Хъæбæр цæмæдессаг адтæй Гъæдгæрони скъолай театралон къуари равдист дæр. Скъоладзаутæ бацæттæ кодтонцæ нæ фидтæлти рагон æма кадгин, «Хори кувд»-и бæрæгбон. Кизгуттæ æма биццеутæ равдистонцæ, адæм Хори кувдмæ сæхе куд цæттæ кодтонцæ, уой.

Уомæй уæлдай ма фидтæлти æгъдæуттæй æвдист æрцудæнцæ «Авдæнбæттæнтæ» дæр. Аци спектакли Рассвети гъæуи скъолай артисттæ равдистонцæ, раздæр нæуæгигурдæн авдæнбæттæнтæ куд кодтонцæ æма синхи уоститæ хунти хæццæ куд цудæнцæ, силгоймæгти хестæр, сабийи авдæни бæтгæй, куд кувта, еци мадзæлттæ.

Фестивали спектаклти медес хъæбæр цæмæдессаг адтæй, сæ еугуребæл æрдзорунæн фадуат нæййес. Фиццаг бунæттæ уæлахездзаутæн лæвæрд цудæнцæ номинацитæмæ гæсгæ. Уæхæн къуæрттæ æма си адтæй æма цалдæргай номинацити ка рамулдта.

Республики национ рахастдзийнæдти фæдбæл министр Цуцити Аслан райарфæ кодта фестивали архайгутæн æма кади Дипломтæй исхуарзæнхгин кодта уæлахездзаути. Æ радзубандий баханхæ кодта:

– Фестиваль ка 'ргъуди кодта, етæ нæ фæррæдудæнцæ. Амирани рохс ка хæссуй, етæ æнцæ мæнæ аци фæсевæд, наци цæрдзæнæй цалинмæ цæра æвзаг. Æма ми æруагæс кæнуй, не 'взаг ба æносон ке æй, е.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар Тускъати Тайморази номæй Арфи гæгъæдитæ равардта фестивали архайæг къуæрттæ ци районтæй адтæнцæ, уони бунæттон хеунаффæйади администрацитæн.

Фестивали архайгутæн ма арфитæ ракодтонцæ жюрий иуонгтæ, нæ республики зундгонд артисттæ Дзгойти Аллæ, Хадати Альберт, Секъинати Элитæ, Кокайти Алан, Басити Аслан æма иннетæ.





Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№673.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 30.03.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**